

WE ARE YOUR DOL



Department of Labor

KESYON YO SOUVAN POZE SOU KONDISYON POU CHÈCHE TRAVAY

ÈSKE MWEN DWE CHÈCHE TRAVAY PANDAN M AP RESEVWA BENEFIS YO?

Wi. Pou w kalifye pou benefis yo, ou dwe:

- Ou dwe chèche travay aktivman pandan w ap reklame benefis Asirans Chomaj yo.
- Ou dwe kenbe yon Dosye Rechèch Travay pou chak semèn ou reklame benefis yo epi w dwe prepare w pou bay yon kopi Dosye sa a nan Depatman Travay Eta Nouyòk lè nou mande li.

KISA YON DOSYE RECHÈCH TRAVAY YE?

Règleman Eta Nouyòk mande pou w kenbe yon Dosye Rechèch Travay sou entènèt la oswa alekri pou chak semèn ou reklame benefis yo epi w dwe prepare w pou bay yon kopi Dosye sa a nan Depatman Travay la si nou mande li. Dosye a dwe gen ladan dat, non, adrès (lapòs, imèl oswa sitwèb) ak nimewo telefòn anplwayè w kontakte yo, non ak/oswa tit travay nan moun espesifik yo kontakte yo, metòd kontak yo itilize, pozisyon oswa non pozisyon pou aplike oswa yon deskripsyon lòt efò rechèch travay (ale nan fwa travay oswa atelye, elatriye). Nou pral tcheke enfòmasyon sou fòm lan avèk kontak ki nan lis la. **Selon règleman yo, si w fè espè ba nou fo deklarasyon sou aktivite rechèch travay ou yo, yo konsidere l kòm fwod, e nou ka refize benefis Asirans Chomaj ou yo.**

Si w chwazi kenbe dosye w la anliy, nou rekòmande w itilize sit entènèt JobZone nou an. Li bay yon sèl kote w ka mete ajou epi sere tout dosye rechèch travay ou yo san danje nan yon dosye elektwonik sekirize, ki an sekirite pa rapò ak dife, vòl oswa pèt pa aksidan. Pou jwenn aksès nan kont JobZone ou a, klike sèlman sou lyen dosye rechèch travay JobZone yo bay la lè w reklame benefis chak semèn sou entènèt ou yo. Si w gen kesyon sou kòman pou w kreye kont ou, tanpri kontakte Sant Karyè lokal ou a.

Si w pa itilize Dosye Rechèch Travay anliy JobZone nan, nou rekòmande pou w kenbe yon dosye sou aktivite rechèch travay ou yo chak semèn lè w itilize fòm sou dosye rechèch travay la ki nan Manyèl pou moun k ap

fè reklamasyon an. Ou ka kenbe tou yon dosye alekri ki sanble pase fòm Dosye Rechèch Travay la si li gen ladan enfòmasyon ki nesèsè yo. Kèlkeswa fòma alekri w chwazi, mete dokiman sipò yo. Pa egzanp, si w aplike pou yon travay anliy, enprime yon kopi aplikasyon an oswa akize resepsyon aplikasyon an. Si w voye yon CV oswa yon aplikasyon pa imèl, sere yon kopi enprime pou tout mesaj yo. Ou ta dwe kenbe tou yon kopi tout bwat imèl ou voye yo oswa akize resepsyon CV a oswa aplikasyon an. Lòt egzanp sou dokiman yo genyen enpresyon papyè tout lòt efò rechèch sou entènèt ou fè yo, yon lis fwa djòb anplwayè, yon kat biznis yon anplwayè potansyèl, elatriye.

Ou ka jwenn plis fòm Dosye Rechèch Travay nan Sant Karyè lokal ou a, sou entènèt oswa nan do Manyèl pou moun k ap fè reklamasyon an.

ÈSKE Y AP VERIFYE DOSYE RECHÈCH TRAVAY MWEN AN?

Wi. N ap verifeye enfòmasyon w bay yo ak lis kontak ou bay la. Selon règleman Eta Nouyòk yo, si w fè espè ba nou fo deklarasyon sou aktivite rechèch travay ou yo, yo konsidere l kòm fwod, e sa a ka mennen gwo konsekans grav.

KONBYEN ANPLWAYÈ MWEN DWE KONTAKTE CHAK SEMÈN?

Ou dwe fè pou pi piti **trwa** aktivite rechèch travay chak semèn, menm si nou ankouraje w fè pi plis. Aktivite sa yo dwe genyen pou pi piti yon aktivite nan Aktivite Rechèch Travay 1-5 (anba a): Yo dwe fè de lòt aktivite epi yo ka chwazi yo nan nèf aktivite ki nan lis la, sof si w gen yon Plan pou Rechèch Travay Depatman Travay la apwouve ki mansyone yon lòt bagay.

KISA AKTIVITE RECHÈCH TRAVAY YO YE?

Ou dwe fè pou pi piti twa aktivite rechèch travay chak semèn, menm si nou ankouraje w fè pi plis. Twa aktivite sa yo dwe fèt nan diferan jou nan semèn lan. Yo dwe genyen pou pi piti yon aktivite nan nimewo 1 - 5. Yo dwe fè de lòt aktivite epi yo ka chwazi yo nan sa yo:

1. Itilize resous nan kesyon travay ki disponib nan yon Sant Karyè ki nan rejyon an oswa atravè yon sant pwofesyonèl vityèl Depatman Travay mete. Men kèk egzanp:
 - Rankontre ak konseye Sant Karyè yo
 - Jwenn enfòmasyon sou mache travay lan nan men manm estaf Sant Karyè konsènan travay ki gen nan endistri ou an oswa rejyon
 - Konplete evalyasyon konpetans pou koresponn ansanm ak travay lan
 - Patisipe nan atelye fòmasyon
 - Jwenn referans travay nan Sant Karyè a epi fè swivi ak konpayi yo
2. Soumèt aplikasyon travay oswa CV yo bay konpayi oswa ansyen konpayi yo ki kapab genyen yon pòzisyen vid
3. Patisipe nan seminè rechèch travay, reyinyon rezo pwofesyonèl yo, fwa travay oswa atelye ki gen rapò ak travay ki ofri fòmasyon konpetans pou chèche travay
4. Entèvyou ak konpayi
5. Enskri, aplike, oswa pran tès ki gen rapò ak travay oswa seleksyon travay pou konpayi piblik oswa prive. Sa genyen ladan li egzamen fonksyon piblik yo
6. Enskri epi fè suivi avèk ajans travay prive, sèvis plasman, sendika ak biwo plasman nan lekòl, fakilte oswa inivèsite oswa òganizasyon pwofesyonèl yo
7. Itilize telefòn, repètwa biznis, entènèt, medya sosyal, oswa sou sistèm rechèch travay anliy pou fè rechèch travay, jwenn enfòmasyon, mande rekòmandasyon oswa pran randevou pou entèvyou travay

8. Tout aktivite valab ki kapab ede ou jwenn travay

ÈSKE MWEN DWE KENBE DOSYE RECHÈCH TRAVAY MWEN YO?

Wi. Si w kenbe dosye rechèch travay ou an anliy nan jobzone.ny.gov, dosye rechèch travay ou a ap anrejistre otomatikman anliy. JobZone disponib 24 sou 24, 7 sou 7. Li bay yon sèl kote w ka mete ajou epi sere tout dosye rechèch travay ou yo san danje nan yon dosye elektwonik sekirize, ki an sekirite pa rapò ak dife, vòl oswa pèt pa aksidan. Ou ka itilize JobZone tou pou chèche travay, ekri CV w ak lèt motivasyon, eksplòre opsyon karyè yo, konpare salè ak plis ankò.

Si w chwazi pou w kenbe yon Dosye Rechèch Travay sou papye, ou dwe kenbe kopi yo pou yon lane. Pa voye dosye Rechèch Travay ou a nan Depatman Travay sof si nou mande w sa a. Ou ka jwenn plis fòm nan Sant Karyè lokal ou a, sou entènèt oswa nan manyèl pou moun k ap fè reklamasyon w lan.

Si w gen yon Plan Rechèch Travay Asirans Chomaj, Depatman Travay la apwouve, ou dwe fè sa yo te dakò nan plan an epi anrejistre aktivite sa yo sou Dosye Rechèch Travay la. Nou pral tcheke Dosye Rechèch Travay ou a pou asire n w ap fè sa yo te prevwa nan Plan Rechèch Travay ou a.

KI KALITE TRAVAY M DWE AKSEPTE?

Ou dwe pare pou w aksepte travay ki "apwopriye" pandan w ap resevwa benefis yo. Travay apwopriye se travay ou ka fè nòmalman gras ak fòmasyon ak eksperyans pase w yo. Sa a vle di, ou dwe chèche travay nan tout okipasyon ki pi resan w yo, sitou si chans pou jwenn travay nan domèn konpetans prensipal ou a pa bon. Aprè w fin reklame 10 semèn konplè benefis, travay apwopriye a gen ladan tou:

- Nenpòt travay ou ka fè, menm si w pa gen eksperyans oswa fòmasyon nan travay sa a, sof si yo anboche w nan yon sal sendika anbochaj oswa si w gen yon dat defini pou retounen travay.
- Travay sa a peye pou pi piti 80% salè w nan peryòd referans premye trimès la. Nenpòt travay yo ofri dwe peye salè ki genyen pou travay sa a.
- Ou dwe kapab soti yon distans rezonab pou ale travay. Kòm règleman, nou konsidere yon distans rezonab, yon distans ki koresponn ak:
 - 1 èdtan nan transpò prive oswa
 - Inèdtan edmi nan transpò piblik.

KI MOUN KI PA BEZWEN NAN RECHÈCH TRAVAY?

Depatman Travay la ap di w si w pa anba kondisyon pou chèche travay. Ou ka pa bezwen sa a si w:

- Kanpe nan travay la pou yon ti tan oswa w se anplwaye pa sezon epi w gen yon dat ekzat pou w retounen travay nan kat semèn oswa mwens.
- Yon manm sendika ki dwe jwenn travay atravè biwo travay sendika a. Ou dwe an konfòmite avèk kondisyon manm ak rechèch travay nan sendika w la.
- Patisipe nan yon pwogram fòmasyon Depatman Travay apwouve, tankou sa yo apwouve dapre Lwa Travay Eta Nouyòk §599.
- Sèvi nan yon jiri.
- Patisipe nan yon Pwogram Travay Pataje Depatman Travay la apwouve.
- Patisipe nan yon Pwogram Asistan Travay Otonòm Depatman Travay la apwouve.
- Kouvri pa nenpòt eksepsyon lalwa federal oswa leta a mande.